



## **Plan 5.07 la Nan Langaj Klè**

### **Plan 5.07 la Nan Langaj Klè**

#### **Pwosesis Planifikasyon 5.07 la**

Seksyon 5.07 Lwa sou Ijyèn Mantal Eta Nouyòk la egzije pou OPWDD tabli yon plan senk ane pou bay sèvis. Plan sa fikse objektif pou amelyore sipò ak sèvis pandan senk ane kap vini yo.

#### **Ant moun ki gen enterè yo**

OPWDD An 2021:

- Fè senk fowòm piblik rejjonal kote 100 moun te pran lapawòl.
- Rankontre 26 gwoup – moun ki gen andikap, manb fanmi, founisè sèvis yo ak lòt moun.
- Resewwa imèl ak lèt ki sòti nan plis pase 200 moun

#### **Moun yo te di OPWDD ke bagay ki pi enpòtan pou fè nan senk ane kap vini yo se amelyore:**

- Mendèv sipò dirèk
- Direksyon pwòp tèt ou
- Sèvis pou lojman
- Sèvis pou moun ki gen bezwen konplèks
- Ki jan nou pataje done ak enfòmasyon
- Sipò pou rechèch

#### **Objektif ak Kote nou vle rive yo**

Plan OPWDD nonmen objektif sa yo pou 5 ane kap vini yo.

Anba chak kote nou vle rive yo genyen objektif yo. Anba chak objektif genyen aktivite ak pwojè ki pral ede OPWDD reyalize kote nou vle rive yo.

**Objektif 1:** Sipòte moun nan fason ki pi santre sou moun

**Objektif 2:** Ranfòse mendèv la ak OPWDD la

**Objektif 3:** Amelyore sistèm sèvis la atravè Eta a

### **Objektif 1: Sipòte moun nan fason ki pi santre sou moun**

Asire w ke sèvis yo satisfè bezwen tout moun. Sèvis yo ta dwe bay chwa epi ede moun yo vin endepandan epi jwi kominote yo.

#### **Objektif 1.1: Amelyore entegrasyon kominote a**

- Devlope sèvis lajounen ki ede moun jwi kominote yo
- Fasilite aksè nan teknoloji asistans ak modifikasyon anviwònman (tankou aparèy vwa oswa yon ranp pou chèz woulant)
- Ede plis moun sèvi ak sipò pou pran desizyon

#### **Objektif 1.2: Sèvi timoun, jèn ak jèn granmoun yo**

- Konsidere kijan sèvis dispans timoun yo itilize yo ta ka amelyore
- Amelyore jesyon swen pou timoun yo
- Fè sèvis kriz yo pi fasil pou timoun yo jwenn

#### **Objektif 1.3: Reponn a bezwen konplèks yo**

- Amelyore sipò pou moun ki gen bezwen konplèks yo
- Amelyore sèvis sipò konpòtman entansif
- Fè sèvis kriz pi bon ak pi fasil pou jwenn
- Ede founisè sèvis yo sipòte moun ki gen bezwen konplèks

#### **Objektif 1.4: Sèvi divès kominote**

- Nouvo Biwo Divèsite, Ekite ak Enklizyon OPWDD
- Gade Kijan OPWDD sipòte tout moun

### **Objektif 2: Ranfòse mendèv la ak OPWDD la**

Sipòte travayè swen dirèk yo, mete ajou sistèm sèvis la epi ogmante aksè a enfòmasyon.

### **Objektif 2.1: Amelyore mendèv sipò dirèk**

- Bay mendèv la sipò finansye
- Anboche plis travayè epi kenbe yo travay
- Amelyore fòmasyon mendèv ak sipò

### **Objektif 2.2: Amelyore Itilizasyon Done OPWDD yo**

- Amelyore teknoloji ak fason OPWDD itilize done pou fè sèvis yo pi byen

### **Objektif 2.3: Amelyore patisipasyon moun ki konsène yo**

- Kontinye rankontre moun nou sèvi yo, manb fanmi yo ak founisè yo pou planifye ansanm

## **Objektif 3: Amelyore sistèm sèvis la atravè Eta a**

Jwenn fason pou fè sèvis yo mwens konplike epi sèvi moun yo pi byen.

### **Objektif 3.1: Amelyore sipò ak sèvis yo**

- Direksyon pwòp tèt ou
- Travay ak sèvis lajounen
- Sèvis pou lojman
- Aksè nan sèvis sante
- Egzamine kalite jesyon swen/kowòdinasyon swen

### **Objektif 3.2: Chanje règ yo**

- Ogmante fleksibilite atravè pi bon règleman yo

### **Objektif 3.3: Sipòte rechèch ak inovasyon**

- Revize pwogram yo epi chèche nouvo fason pou sipòte moun

### **Rapò sou Pwogrè**

OPWDD pral pataje mizajou yo chak jou sou [www.opwdd.ny.gov](http://www.opwdd.ny.gov).

OPWDD a pral kontinye diskite sou plan an ak pwogrè nou ak moun ki gen enterè yo.